

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMENDASI

5.1 Kacindekan

Struktur dina rumpaka kawih album Sungkeman Wajib Belajar sanggian Nano S. kawangun ku imaji, simbul/lambang, musikalitas, suasana, tema, jeung gaya basa. Imaji dina rumpaka kawih album SWB sanggian Nano S. mibanda tilu sipat nyaéta imaji visual, imaji auditif, jeung imaji taktil. Imaji visual nyampak dina rumpaka “Wajib Belajar”, “Priangan Éndah”, “Gema Pustaka”, “Pakarangan Bersih”, “Layung”, jeung “Labaik”. Sedengkeun imaji auditif nyampak dina rumpaka “Priangan Éndah”, “Gema Pustaka”, “Layung”, “Labaik”, jeung “Nun Nu Agung”. Sarta imaji taktil nyampak dina rumpaka “Priangan Éndah”, “Gema Pustaka”, “Pakarangan Bersih”, “Layung”, “Demi Wanci”, “Teu Daya Upaya”, “Ajilu”, “Labaik”, jeung “Nun Nu Agung”. Sagemblengna, dina ieu rumpaka kawih album SWB sanggian Nano S. téh didominasi ku imaji taktil.

Simbul/lambang nu nyampak ti rumpaka kahiji nepi kasapuluh aya tilu puluh hiji simbul, nyaéta katitén dina rumpaka “Wajib Belajar” aya tilu simbul, dina rumpaka “Priangan Éndah” aya tilu simbul, dina rumpaka “Gema Pustaka” aya dua simbul, dina rumpaka “Pakarangan Bersih” aya dua simbul, dina rumpaka “Layung” aya opat simbul, dina rumpaka “Demi Wanci” aya opat simbul, dina rumpaka “Teu Daya Upaya” aya lima simbul, dina rumpaka “Ajilu” aya tilu simbul, dina rumpaka “Labaik” aya tilu simbul, jeung dina rumpaka “Nun Nu Agung” aya dua simbul.

Musikalitas dina rumpaka kahiji nepi ka rumpaka kasapuluh dominan ku sora vokal *a*, sarta konsonan nu dominan nyaéta konsonan nasal saperti *m*, *n*, jeung *ng*. Ku kituna, ieu rumpaka téh kaasup kana karakter eufoni nyaéta merenah pikeun dihaleuangkeun. Tapi sanajan kitu, aya sababaraha kecap anu kaasup kana kakofoni nyaéta *k,p,t*, jeung *s*. Ku sabab dominan ku wanda eufoni, ieu wanda kakofoni téh teu mangaruhan kana kaéndahan dina ieu rumpaka kawih.

Suasana nu nyangkaruk dina rumpaka kahiji nepi kasapuluh nyaéta suasana sedih, bungah, jeung harepan. Tapi nu leuwih dominan nyaéta suasana bungah, sarta diwuwuhan ku pépéling.

Téma nu nyangkaruk ti rumpaka kahiji nepi kasapuluh miboga téma anu bédabéda, nyaéta aya téma ngeunaan pendidikan, ngajaga lingkungan, kaéndahan alam, sarta ngagungkeun ka kawasaan Alloh Swt.

Gaya basa nu nyangkaruk dina rumpaka kahiji nepi kasapuluh di antarana ngagunankeun gaya basa ébréhan (perifrase), gaya basa kadalon (pleonasme), gaya basa kahanan (epitet), gaya basa rautan (eufimisme), gaya basa mijalma (personifikasi), gaya basa rarahulan (hiperbola), gaya basa raguman (sinekdoke), jeung gaya basa ngupamakeun (simile).

Ajén atikan nu nyangkaruk dina rumpaka kahiji nepi kasapuluh nyaéta aya ajén atikan moral, ajén atikan sosial, jeung ajén atikan agama. Ajén atikan moral nyampak dina rumpaka “Wajib Belajar”, “Gema Pustaka”, “Pakarangan Bersih”, “Teu Daya Upaya”, jeung “Nun Nu Agung”. Sedengkeun ajén atikan sosial nyampak dina rumpaka “Priangan Éndah”, “Gema Pustaka”, jeung “Pakarangan Bersih”. Sarta ajén atikan agama nyampak dina rumpaka “Gema Pustaka”, “Layung”, “Demi Wanci”, “Teu Daya Upaya”, “Ajilu”, “Labaik”, jeung “Nun Nu Agung”. Sagemblengna, dina ieu rumpaka kawih album SWB sanggihan Nano S. téh diwuwuhan ku ajén atikan agama.

Dumasar kana kriteria milih bahan pangajaran, tina sapuluh rumpaka kawih ngan tilu rumpaka kawih nu dipilih sangkan bisa dipaké pikeun alternatif bahan pangajaran, nyaéta rumpaka kawih “Gema Pustaka”, “Pakarangan Bersih”, jeung “Demi Wanci”. Sedengkeun tujuh rumpaka liana teu dipaké pikeun bahan pangajaran, sabab teu luyu jeung kriteria bahan pangajaran hususna tina segi basa jeung psikologi siswa SMP kelas VIII. Sanajan teu dipaké pikeun bahan pangajaran, tujuh rumpaka kawih éta bisa nambahan pikeun pangaweruh boh ku nu maca rumpakana, boh nu ngadangukeun kawihna.

5.2 Implikasi

Dumasar kana hasil panalungtikan analisis struktur dina rumpaka kawih album Sungkeman Wajib Belajar sanggihan Nano S. ieu rumpaka kawih téh miboga implikasi dina widang kaagamaan jeung widang paélman atawa atikan. Sabab bisa katitén tina rumpaka kawihna, loba rupaning hal nu patali jeung kaagamaan

hususna agama Islam sarta pentingna diajar. Ieu panalungtikan dipiharep ogé bisa ngajembaran paélmuan dina widang sastra, hususna ulikan struktural, jeung ajén atikan.

Sajaba ti éta, ajén atikan dina ieu rumpaka kawih album SWB sanggian Nano S. téh, bisa dipaké pikeun ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan sawatara pangajaranpangajaran nyaéta pikeun paripolah anu hadé sangkan dilarapkeun dina kahirupan sapopoé.

5.3 Rékoméndasi

Dina ieu panalungtikan tangtu miboga kaonjoyan jeung kahéngkérán. Tapi sanajan kitu, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweruh kana salasihiji karya sastra hususna dina rumpaka kawih. Dumasar hasil analisis jeung kacindekan di luhur, aya dua rékoméndasi nu patali jeung ieu panalungtikan.

Kahiji, ieu panalungtikan ngulik ngeunaan ajén atikan dina rumpaka kawih album SWB sanggian Nano S. Ku kituna, perlu diayakeun panalungtikan séjén ngeunaan ieu rumpaka kawih dina ulikan ajén nu lian, saperti ajén étnopedagogik. Sabab, dina ieu album téh aya sababaraha rumpaka kawih nu nétélakeun rundayan masarakat Sunda sarta kaéndahan di tanah Sunda.

Kadua, pikeun ngawanohkeun rupa-rupa kawih nu ngandung ajén-inajén, dipiharep leuwih dijembaran deui ulikan nu dipedarna.